

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa téh salah sahiji pakakas anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna, boh lisan, boh tulisan. Hirup kumbuhna jeung tumuwuhna basa téh ngan aya dina kahirupan manusa. Tanpa basa, manusa hésé ngayakeun komunikasi. Éta sababna, basa téh jadi “alat vital” dina pakumbuhna manusa. Basa salah sahiji sistim komunikasi ku sora ngaliwatan alat ucap katut pangdégé di antara anggota kolompok atawa masarakat nu tangtu kalawan make lambang sora nu boga harti *arbitrer tur konvensional*. Basa ogé alat nu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa, diwangun ku rentétan sora nu geus ditangtukeun éntép-seureuhna ku masarakat nu make éta basa. Nurutkeun Wirakusumah & Djajawiguna (1969 : 5) dina (De Vito, 1970: 7), *“Language is a potentially self-reflexive, structured system of symbols which catalog the objects, events, and relation in téh word.*

Nurutkeun Sudaryat (1991: 1), basa nyaéta sistim lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistimatis) tur ragam (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patalimarga atawa komunikasi. Basa éta sistim lambang nu kalawan potensial museur ka dirina tur nyetruktur ngadaptar obyek, kajadian jeung tatalian di dunya. Basa téh sipatna ngabudaya atawa cultural lantaran basa téh salian ti “unsur” budaya, jadi “wahana” pikeun miara jeung mekarkeun budaya deui. Basa ngagambarkeun kahirupan kabudayaan masarakat nu makéna. Basa sipatna fisis (alamiah), nyaéta

boga asal-usul sarta aya hubungan basa jeung objekna. salah satu objék anu make media basa nyaéta sastra.

Sastra mangrupa salah sahiji média hiburan sarta salaku média atikan moral pikeun nu macana, sabab sastra miboga ajén atikan anu bisa ngabeungharan rohani, sarta bisa némbongkeun sawangan anu bener ngeunaan kahirupan. Salian ti éta, ku neuleuman karya sastra, bisa nyeukeutan uteuk tur ngalemesan rasa. Ieu hal luyu jeung pamandegan Edgar Allan Poé dina Wellek jeung Warren (1989: 25), yén sastra téh miboga fungsi pikeun ngahibur sakaligus ngajarkeun hiji hal.

Karya sastra mangrupa hasil karya cipta jeung hasil kreativitas manusa anu jadi bagian tina seni. Seni bisa diasumsikeun minangka proses jeung hasil tina pamilihan jalur medium atawa nepikeun adat kapercayaan, gagasan, rasa atawa perasaan dina bentuk panghadena. Dina éta jalur loba pisan wangenan seni anu ditepikeun ku para ahli. Umpamana, nurutkeun Munro (1963: 419), "*saurang ahli teori seni ti Amerika nyebutkeun yén seni nyaéta alat buatan manusa keur nimbulkeun efek-efek psikologis keur manuia lain nu nempona*". Beda deui jeung Semiawan spk. (1987a: 8), yén kréativitas nyaéta kamampuh dina nyiptakeun hiji produk anyar ciptaanna teu kudu anyar, bisa waé gabungan atawa kombinasi tina unsur-unsur nu geus aya. Nurutkeun Guilford (1985: 138), "*creativity is aquatity thought to be make up of associate and ideational fluency, originality, adoptive, spontaneous, flexibility and obility to make logical evaluation*". Saperti dina widang kabasaan, mekarkeun pangembangan bisa dilaksanakeun dina widang sastra. Dina wates-wates nu tangtu kamekaran sastra bisa dipangaruhan tanpa ngurangan kabebasan pangarang dina nyiptakeun karya seni. Dina élmu sastra

sering pabedol-bedol antara nalar jeung analisis paélmuan dina ngalenyapan pangalaman éstétis. Sakumaha nu ditepikeun ku Iskandarwassid (1992: 135), yén “karya sastra nyaéta karya seni nu digelarkeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni warna ning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan basa). Ku lantaran alatna basa, nya nu diarolah ku pangarang téh sakabéh poténsi éstétis anu kapimilik ku basa, kaasup rupa-rupa pungsina atawa makéna basa”.

Dumasar kana katerangan di luhur, tétéla yén karya sastra téh ngolah kaéndahan, tapi ku lantaran alatna basa nu diarolah téh sakabéh poténsi kaéndahan anu kapimilik ku basa. Masalah hirup jeung kahirupan manusa digambarkeun dina karya sastra, eusina téh bisa ngeunaan kasangsaraan manusa, perjuanganana, kanyaah, napsu, jeung hal-hal anu sok ka alaman ku manusa.

Dina kahirupan sastra Sunda bisa dipaluruh sastra lisan jeung tulisan. Salah sahiji karya sastra lisan anu nyampak dina sastra Sunda nyaéta dongéng. Dongéng kaasup kana carita balaréa (*folktale*).

Rusyana (1984: 18) nétélakeun yén dongéng téh kaasup kana golongan carita, umumna carita anu parondok. Dina dongéng sok aya bagian anu pamohalan, umpamana dina jalan caritana, palakuna, atawa waktu kajadianana. Nurutkeun susunan basana, dongéng kaasup kana wangun lancarana (prosa), tapi sakapeung sok diselang ku wangun ugerana (puisi) anu disebut kawih. Dina prakna didongéngkeun, wangun lancarana dicaritakeun ari wangun ugerana dikawihkeun.

Anu kaasup wangun lancar (prosa) di antarana skétsa, carita pondok, jeung roman atawa novel. Anu kaasup wangun ugeran (puisi) diantarana mantra (jangjawokan, singlar, asihan, jampé, ajian), kakawihan, sisindiran (rarakitan, paparikan, wawangsalan), sair, pupuh, guguritan, jeung carita wawacan. Ari anu kaasup wangun carita (drama), diantarana sandiwara, opera, jeung gending karesmén (Iskandarwassid, 1992: 135).

Nalungtik ngeunaan dongéng téh tangtuna moal leupas tina struktur nu ngawangunna. Struktur éta téh teu bisa dileungitkeun hiji-hiji tapi kabéhanana silih lengkepan ngawangun hiji karya anu gumulung.

Salian ti neuleuman struktur, nalungtik dongéng hartina ngaguar mangpaat nu aya di jerona, nepi ka panalungtikan téh miboga ma'na jeung bisa diterapkeun dina kahirupan sapopoé. Dina ngaguar mangpaat bakal kapanggih pungsi jeung unsur-unsur budaya nu nyampak di masarakat nu ngagelarkeunana. Ieu hal luyu jeung pamadegan Sukada (1987: 101) anu nétélakeun yén: dongéng nyaéta hiji hasil sastra lila (folktale) nu sacara lisan hirup terus, atawa sabagian tina hiji kabudayaan daérah satempat.

Luyu jeung parobahan jaman sarta kamajuan téhnologi, dongéng anu asalna dicaritakeun sacara lisan jeung turun-tumurun kiwari geus loba anu dibukukeun. Tapi sok sanajan kitu, dina kanyataanana barudak ayeuna leuwih resep maca komik atawa dongéng anu datangna 'ti luar', nu can tangtu ajén caritana luyu jeung budaya daérah. Ieu hal balukar tina leungitna tradisi ngadongéng di masarakat. Kiwari masarakat leuwih mentingkeun kasejahteraan ékonomi tibatan pangabutuh spiritual, nepi ka dongéng dianggap teu penting. Ieu

kaayaan mangrupa pasualan, ku kituna kudu ditéangan tarékah pikeun ngungkulanana.

Panalungtikan ngeunaan dongéng geus kawilang loba boh nu dilakukeun ku mahasiswa pikeun kapentingan tugas ahir boh nu dilakukeun ku lembaga pamaréntahan pikeun kapentingan proyék Pembinaan jeung Pengembangan bahasa.

Panalungtikan nu dilakukeun ku mahasiswa di antarana nyaéta: *Carita Rayat anu aya Di Kecamatan Ciparay pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP*, ku Shinta Iskandar (2000); *Analisis Struktur Kumpulan Carita Pondok Kanagan*, ku Emi (1999); *Dongéng Rayat Kadipatén pikeun Bahan Pangajaran Sastra Sunda di SMP Negeri Kadipatén*, ku Fatimah (1997). Sedengkeun panalungtikan nu dilakukeun ku lembaga pamaréntahan pikeun kapentingan proyék di antarana Sastra Lisan Karo, ku Fakultas Keguruan Sastra dan Seni, Institut Keguruan dan Ilmu Pendidikan, Bandung (1979/1980).

Sanajan geus loba buku jeung panalungtikan ngeunaan carita rayat, tangtuna loba kénéh carita rayat nu can katalungtik jeung kakumpulkeun. Ieu hal bisa ngabalukarkeun carita rayat nu aya di sakabéh wewengkon kurang bisa dipaluruh ku masarakatna malah bisa leungit. Panalungtikan ilmiah ngeunaan carita rayat mangrupa salah sahiji tarékah pikeun nambahan pangaweruh sarta pikeun ngamumulé carita rayat anu sumebar di masarakat sangkan teu musnah.

Di Désa Klangean, Kecamatan Klangean anu tepatna di Kabupaten Cirebon aya kénéh seniman nu nuluykeun kasenian nu diadegkeun ku Mursyid nyaéta Drama Gaya Cirebonan. Mursyid ngumpulkeun para pemuda nu aya di

lingkungan sabudereunana. Drama gaya kacirebonan téh hiji kasenian nu mangrupa seni anu diwangun dina iringan musik, didukung ku waditra prawa dipadu jeung tarian réog sepat, jeung tonil Cahya Widodo, anu katelah ku ngarana kasenian Jeblosan. Numutkeun masarakat, gedé pisan hartina Idquo tanpa layar tutup téh. Idquo (jebblas-jeblos : bahasa Cirebon), salain ti éta, aya nu nyebutna Bungkrék basa Cirebon nu hartina bujangan (pemuda) anu sering angkrak-engkrék (menari). Kasenian jeblosan, loba dipangaruhan ku ketoprak/ tonil/ stambul Cahya Widodo. Matakna teu héran lamun dina kasenian ieu téh, aya carita rayat ngeunaan asal-muasalna daérah, atawa dongéng-dongéng rayat nu aya di sabudeuranana ku sabab kitu masarakat leuwih gumbira mapag kasenian jeblosan.

Dumasar kana hal anu geus ditétélakeun saméméhna, ieu panalungtikan dijudulan *Struktur Carita Rayat Dina Kumpulan Buku Carita Rayat Cirebon Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra di SMP Negeri 1 Gempol*, sabab dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan struktur Carita Rayat nu aya dina buku Carita Rayat Cirebon. Hasil tina ieu panalungtikan engkéna bisa dijadikeun salah sahiji bahan pangajaran apresiasi sastra di sakola-sakola, ieu hal luyu jeung kurikulum 2006 anu nétélakeun yén guru jeung kepala sakola dibéré kawenangan salegalegana pikeun nangtukeun bahan pangajaran anu diluyukeun jeung kondisi sarta kabutuhan murid.

## **1.1. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.1.1. Watesan Masalah**

Luyu jeung judul panalungtikan, anu jadi bahan garapan dina ieu panalungtikan, panalungtik mere watesan kana ieu skripsi nyaéta struktur carita rayat dina kumpulan buku Carita Rayat Cirebon.

### **1.1.2. Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, sangkan leuwih jéntré naon baé anu dipedar dina panalungtikan, diwincik rumusan masalah dina wangun patalékan ieu di handap.

- 1) Naon Struktur carita naon waé anu kapanggih dina buku Carita Rayat Cirebon téh?
- 2) Kumaha panokohan dina buku Carita Rayat Cirebon?
- 3) Papatah naon waé anu nyampak dina Carita Rayat Cirebon?

### **Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.1.3. Tujuan Panalungtikan**

Tujuan ieu panalungtikan téh nyaéta kaasup ngadeskripsikeun.

- 1) Struktur carita anu aya dina buku Carita Rayat Cirebon.
- 2) Panokohan Carita Rayat Cirebon anu aya dina buku carita Cirebon, jeung
- 3) Papatah anu nyampak dina Carita Rayat Cirebon.

#### 1.1.4. Manfaat Panalungtikan

a. Secara Téoritis

Nerapkeun tiori kana karya sastra luyu jeung élmu kasusastraan.

b. Secara Praktis

1) Pikeun nu nalungtik

Nu nalungtik bisa leuwih paham kana carita asli Cirebon, sarta nambahan élmu pangaweuruh ngeunaan dongéng.

2) Pikeun guru

Bisa jadi pangdeudeul atawa alternatif pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra.

3) Pikeun murid

Murid bisa leuwih wanoh jeung mikaresep kana kabudayaanana sorangan.

#### 1.2. Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré jeung teu nimbulkeun salah tapsir, baris dipedar istilah anu aya dina judul ieu panalungtikan.

1) Struktur

Struktur nu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra; gembleng boga ma'na. Dina kagiatan nganalisis kana unsur-unsur intrinstik dina dongéng, nyaéta téma, galur, palaku, jeung latar.



2) Carita Rayat

Carita Rayat anu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta sakabeh kumpulan Carita Rayat (dongéng) anu aya dina buku Kumpulan Carita Rayat Cirebon.

**1.3. Anggapan Dasar**

Anggapan dasar mangrupa hal anu jadi dadasar dina panalungtikan.

Anu dijadikeun anggapan dasar dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) Carita Rayat (dongéng) mangrupa salah sahiji karya sastra Sunda anu sumebar di masarakat perlu diinventarisasi sangkan teu musnah;
- 2) Carita Rayat (dongéng) bisa diklasipikasikeun kana sababaraha golongan (dongéng mite, dongéng legenda, jeung dongéng biasa);
- 3) Carita Rayat (dongéng) mangrupa aset budaya anu miboga ajén-inajen anu luhung;
- 4) Carita Rayat (dongéng) bisa dianalisis dumasar kana strukturna.

#### 1.4. Landasan Teori

Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *Babad Tanah Sunda Babad Cirebon* (Sulendraningrat:1984), *Asal Mula Kasultanan Cirebon* (Asep Setiawan, & U. Syahbudin: 2006), *Folklore Indonesia: Ilmu Gosip, Dongéng, jeung sajabana* (Danandjaja:2002), *Kabudayaan Sunda* (Edi S. Ekadjati: 1995), *RAKSARASA* ( Iskandarwassid: 2004), *Apresiasi Basa jeung Seni* (Amir, spk: 2007), *Kamus Istilah Sastra* (Iskandarwassid:1996), jeung sumber séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

